

KENING dan leher Mang Atang telah basah oleh peluh, tetapi, masih tetap bergairah berjalan menanggung jualannya.

Di tanggungan depan, aneka bibit bunga segar tertanam dalam polybag ukuran sedang—antara lain mawar, melati, bougenville, kemuning, monstera, sepatu, dan dahlia. Di tanggungan belakang, ada bibit bunga aglonema, rupa-rupa anggrek, pukul empat, soka, juga kacapiring.

Bagi Mang Atang, menjadi penjual bunga keliling adalah sampingan, pekerjaan utamanya tetap menjadi seorang petambak kolam ikan mujair. Di musim hujan, kolam-kolamnya akan selalu terisi air dari irigasi yang deras, yang bersumber dari mata air di satu bukit. Lain halnya bila sedang musim kemarau, air hanya sedikit mengalir di irigasi. Membuat Mang Atang harus rajin mengecek aliran air yang mengairi kolam-kolamnya. Dengan alasan inilah, setiap musim hujan tiba, *nyambi* menjadi penjual bunga keliling.

Satu tahun yang lalu, Mang Atang berjualan bunga ke barat kota. Untuk tahun ini, ke timur kota. Ini karena beredar kabar yang didengarnya dari tetangga-tetangganya: di timur kota kini banyak berdiri perumahan-perumahan baru.

Di depan satu gerbang perumahan, Mang Atang langsung menuju pos jaga hendak menemui penjaga. Untunglah, diberi izin, sehingga bisa masuk untuk menjajalkan bunga-bisa.

Di satu blok di satu jalan, di depan rumah bercat cokelat muda, berhalaman cukup luas, seorang perempuan muda memanggil Mang Atang.

Mang Atang lalu mendekati, lalu dengan berhati-hati menurunkan dua tanggungannya.

“Ada bunga anggrek?”

“Ya ada. Ada anggrek putih, ungu, hijau, hitam.”

“Kok begitu? Hanya menyebut warna? Tidak menyebutkan nama anggrek apa, gitu?”

“Ya susah ngapalinnya, Tante. Yang pen-



ting kan harga, saya tidak akan lupa dengan harga.”

“Oh ya baiklah. Saya suka anggrek warna hijau ini, yang dari Kalimantan, kan? Berapa?”

“Iya Kalimantan.i” Mang Atang lalu menyebutkan satu harga. Perempuan muda terdiam.

“Kenapa, Tante?”

“Ya kemahalan harganya. Oh ya anggrek itu epifit, sebagai benalu yang hidup menumpang pada tumbuhan lain.”

Kali ini, perempuan muda memilah-milah bunga, dan tertarik pada bibit bunga kaca piring.

“Ya ini juga bagus, kalau sekilas kan bunganya mirip mawar.” Mang Atang berpromosi.

“Mirip di mananya? Wanginya beda, bentuk daunnya apalagi, jelas berbeda jauh.”

Perempuan muda terus memilih-milih bunga. Lalu tertarik pada aglonema. “Ya ini daun-daunnya memang indah, tapi menurut saya, aglonema bukan bunga karena tidak berbunga.”

“Lalu apa?” Mang Atang penasaran.

“Ya perdu hiaslah. Lebih cocok kan sebutannya.”

“Ah, iya juga, benar Tante.”

Kali ini, pandangan perempuan muda tertuju pada satu polybag. “O bunga melati, bunga yang malang.”

“Kenapa malang, Tante?”

“Iya kan, bunga melati yang masih berkuncup sudah dipetik, dijadikan ronce kalung pengantin. Meskipun ya, mulia. Ya selain itu, melati bersama mawar dan kenanga dijadikan media utama siraman.”

“Tidak saya sangka, luas wawasan Tante. Jadi, sekarang akan membeli bunga apa? Kalau banyak bibit bunga yang telah terjual, kan tanggungan saya jadi ringan.”

“Sebentar, ini kan sedang memilih-milih. Kok maksa buru-buru sih Mang ini?”

“Bukan maksa. Di langit, awan tuh mulai gelap. Saya takut keujanan.”

“Malah bagus kan Mang kalau hujan turun, bungabunganya keujanan jadi tambah segar.”

“Tante bisa saja. Iya bunga-bunga jadi segar, tapi saya keujanan, kedinginan, bisa masuk angin.”

“Kalau hujan turun, Mang kan bisa berteduh di teras rumah saya.”

“Oh jangan, Tante. Saya tidak mau merepotkan. Saya juga tidak mau bila karena gara-gara saya berteduh di sini, malah menjadi omongan yang aneh-aneh dari tetangga.”

“Oh ya baiklah. Sudah kalau begitu, saya borong membeli dua anggrek, satu kacapiring, dua aglonema, satu melati dan dua mawar. Terkait harga, ada diskon spesial ya.”

“Iya, Tante. Wah, terima kasih. Namun kalau boleh saya tahu, mengapa sampai memborong banyak bibit bunga?”

“Agar hatiku selalu terhibur bila melihat mekar bunga-bunga itu karena...”

“Karena apa, Tante?”

“Saya juga seorang bunga, tapi bunga simpanan. Entahlah nanti bila aku sudah layu.” □-d

Bandung, Januari 2023

**) Gandi Sugandi, alumnus Sastra Indonesia Unpad tahun 2000. Saat ini bekerja di Perum Perhutani Kesatuan Pemangkuan Hutan (KPH) Bandung Selatan.*

MEKAR SARI

PANCEN apa wae yen wis dadi kekareman ora bisa dipenggak, paribasan didhadhungana medhot dipalangana mlumat. Senadyan urip sarwa kurang kanggo nyukupi kabutuhan, sing jenenge hobi kudu tetep mlaku, kepriye carane kudu wani ragad. Ndeilalah kepeneran bar nampa komisi saka mekelaran pit montor. Senadyan dhuwite ora sepira nanging cukup kanggo tuku beras lan kabutuhan kulawarga liyane. Dhasare Pak Gundhul, nyekel dhuwit sithik wis kemecer gage nanjakne, kudune diwenehake bojone nanging malah kanggo tuku manuk. “Alah, wis ben, *demi* hobi kok, mengko menawa bojoku takon, kandha wae yen manuke kuwi manuk uculan.” Pak Gundhul wis njagani dhisik, mikir alesan supaya bojone ora muring-muring.

“Kurungan iki kudu diisi, manuk sing mati kudu digolekne genti, ora becik yen suwung, mengko kesuwen kothong bisa dadi angker, hiii...” Pak Gudhul guneman dhewe, mindhah kurungan saka jero omah, digawa metu banjur dicenthelake ana emper omahe. iUrip iku butuh hiburan, kepriye wae kahanane sing jenenge hobi kudu diragadi. Aja nganti keri, kudu melu, gengsi yen ora melu ngingu, manuk kenari saiki lagi usum maneh. Golek sing apik banjur digawa ning gantangan, pokoake aja nganti kalah karo tanggane, yen bisa kudu ngungkuli liyane.” Pak Gundhul ngudhar panemune, kepengin tuku manuk kenari sing ngocehe luwih apik.

Pak Gundhul manasi pit montor ning ngarep omah. Bojone wis mangkat kerja ana pabrik, anake dolan amarga sekolahe prei. Lawang ora dikunci mung ditutup saka njaba. “Badhe tindak pundi, Pak Ndhul?” Lik Bas tangga jejer omahe pak Gundhul takon.

“*Jalan-jalan*, bos.” Pak Gundhul mung nyauri sakecap wae.

“La nggih, *jalan-jalan* niku tujuwane ten pundi?” Lik Bas takon maneh.

“Neng Gawok, bos.” Pak Gundhul mangsuli.

“Pados napa wonten mrika?” Lik Bas ijik ngoyak takon.

“Kowe iki takon wae, ayo, melu aku wae piye?” Lik Bas ora mung gedheg ora mangsuli. Greng... greng... Pak Gundhul ngegas

pit montore, swarane brebegi kuping amarga knalpote wis bocor, nganti metu kebule akeh, pancen njarag gawe anyel Lik Bas sing dadi watuk kenek kebul.

“Ya wis yen ora gelem melu, sik, ya, aku mangkat, yen aku durung bali aja neng endi-endi, kurungane kuwi ditunggu, tenang wae, mengko taggawakne oleh-oleh.” Pak Gundhul ngece Lik Bas, sing diece mung meneng wae, ora nangepi, wis apal karo watake tanggane siji kuwi sing kerep mancing perkara. Pak Gundhul wis ilang lunga menggok ngidul, wis ora ketok, kari kebul pit montor sing ambune ora enak. Ora suwe banjur grimis, mendhunge

Tuku Manuk Cerkak: Oke Atikkana



sansaya peteng.

“Esuk-esuk kok uwis udan, kumbahan lagi dijereng durung entuk srengenge.” Lik Bas ngentasi kumbahan banjur mlebu omah.

Wanci sore antarane bakda Asar pak Gundhul durung tekan omah. Bu Gundhul banjur mara ing omahe Lik Bas.

“Lik, ngerti ora Pak Gundhul mau lunga ning endi?” Bu Gundhul takon Lik Bas.

“Mau esuk pamit ameh neng Gawok golek manuk.” Lik Bas mangsuli.

“Golek manuk maneh? Pak-e iki kepriye ta, wingi wae tuku larang-larang ya mung dadi bathang.” Bu Gundhul muni-muni dhewe. “Sik... sik, kok ameh tuku manuk iki duwe dhuwit saka ngendi? Wong Pak-e iki wis sesasi ora parkir.” Bu Gundhul gumun.

“Ya, mbuh, duwe celengan rahasia sok-

e.” Lik Bas mangsuli sakecekele.

“Celengan apa? ora gableg dhuwit kae. Ya wis, Lik, nuwun.” Bu Gundhul isih muni-muni.

“Wis, cilaka tenan iki, ora sida entuk manuk malah dhuwite ilang, tiba neng dalan diturut ora ketemu nganti montore kentekan bensin.” Pak Gundhul nuntun pit montore, atine getun campur wedi. Getun amarga dhuwite ilang ora sida entuk manuk, wedi amarga bojone mesthi wis bali saka pabrik.

“Grenggg... grenggg...” Lik Bas nirokake swara montor, sengaja ngece pak Gundhul. “Kok dituntun enten, Pak Ndhul? Napa pun bosen numpaki?”

Pak Gundhul ora semaur, jane batine anyel merga diece Lik Bas. “Ora ngerti wong kesusahan, eee... malah ngece.” Pak Gundhul grenengan dhewe.

“Apik banget manuke, Pak Ndhul, mesthi regane larang iki?” Lik Bas mbanterake suwara supaya bojone Pak Gundhul sing ing jero omah krungu.

“Hus, cangkemmu aja banterbanter.” Pak Gundhul lirih ngelokne Lik Bas.

“Ndang dilebokne kurungan, Pak Ndhul.” Lik Bas sansaya banter.

“O... titenana kowe, suk takbales.” Pak Ndhul ngampet anyel.

Bu Gundhul metu saka omah. “Sampeyan saka ngendi, Pak-e? Lunga sedina ninggal omah, ora

ngerti apa piye yen omahe dhewe gendhenge bocor, banyu udan nelesi jogan.” Pak Gundhul ora bisa selak, kandha apa anane, ngaku yen dheweke entuk dhuwit saka Pak Marto, ora kandha bojone.

“Hobi ya Hobi, ning mbok ya mikir, anake butuh tuku sepatu.” Bu Gundhul muring-muring. Jalu meneng wae, wis biyasa nyawang bapak lan ibune gegeran. “Sokur, ben kapok, dhuwitmu ilang, ya ngono kuwi entuk-entukane wong sing seneng goroh, ora gelem blaka karo anak lan bojo.” Bu Gundhul banjur bali mlebu omah maneh. Pak Gundhul uga melu mlebu omah.

“Dhuwit setan dipangan dhemit, bathi makelaran mung kari slilit.”

Krungu suwarane Lik Bas, Pak Gundhul gage metu maneh. “Woo... aja ndhelik, metuwa, taktempiling kowe!” □-d

Oase

Jamaludin GmSas

MALAM INI AKU INGIN

Menjadi waktu yang menjagaku untuk tetap mendoakanmu. Menjadi doa yang menjagamu pada setiap helai waktu.

Al Ikhsan, 2022

KASMARAN

Aku ingin segala tempat di bumi adalah kamar mandi. Kata-kata tak ada yang tertahan, senada dengan hati dan pikiran.

Al Ikhsan, 2022

BERMAIN PUISI

Ingin sekali aku menuliskan sesuatu yang sulit dipahami, dan diam-diam tanda tanya akan mengantarkan seseorang kepada sesuatu yang mesti ia temukan.

Al Ikhsan, 2022

YANG ADA DI MATAKU

/1/

Lihat matakmu, ada sesuatu yang baru : sesuatu yang mirip sekali dengan matahari. Aku menangkapnya di sebuah langit yang ada di dalam mimpi. Semuanya jadi kering, semuanya jadi tak asing, semuanya jadi akrab dan bercakap penuh ingin.

Maukah kaurawat matahari ini omatahari yang nantinya akan terbenam di mata seorang perempuan?

/2/

Kau terdiam bisu. “Aku harap, perempuan itu kamu,” lanjutku meski ragu.

Al Ikhsan, 2022

**) Jamaludin GmSas, lahir di Pemalang, 20 Juli, mahasiswa pascasarjana UIN SAIZU Purwokerto sekaligus santri di Pondok Pesantren Al Ikhsan Beji, Banyumas. Puisi-puisinya disiarkan di sejumlah media massa dan beberapa antologi bersama.*

Geguritan

Maria M Bhoernomo

NGOWAH-NGOWOH

Aja pajer ngowah-ngowoh
Senajan akeh penggedhe padha goroh
Jarene bisa dipercaya
Jebul tansah cidra
Jarene bakal mentingake rakyat
Jebul sing dipikir mung pangkat

Aja pajer ngowah-ngowoh
Negara wis kebacut kurugan utang
Sandhang pangan saka adoh
Segara ditawu bangsa kemamang
Alas-alas disulap dadi ara-ara
Wekasane dituku wong manca

Aja pajer ngowah-ngowoh
Apamaneh tansah mingkem
Luwih bccik obah nganti aboh
Murih weteng wareg ati ayem
Bebasane wit siji wohe sewu
Saben kali akeh iwak lan dawu.

Griya Pena Kudus, 2023

JUNGKIR WALIK

Bebasane direwangi jungkir walik
Yen urip keplese dhadhu apa kopik
Omah ora bakal sepa omah
Kaya mengkono wis dadi sujarah
Tegese wis kelakon bola-bali
Mbiyen tekan saiki

Kadya wis dadi papesten
Dolanan dhadhu apa kopik dadi ten pinaten
Kaya dene Pandhawa lan Kurawa
Saka meja tumekaning Kurusetra
Sedulur dadi mungsuh
Wekasane padha adus luh

Dhadhu apa kopik
Yen wis jungkir walik
Kabeh bakal bisa kecelik
Sing menang nyekikik
Sing kalah mendhelik
Banjur padha benthik

Jungkir walik
Dijungkir diwalik
Jagad kadya mosak-masik
Dipan malih dingklik
Asu cilik arane kirik
Yen jugug suwarane kik-kik-kik.

Griya Pena Kudus, 2023

**) Maria M Bhoernomo, lair ing Kudus, 23 Oktober 1962, nyerat sastra kapacak ing sawetara medhia.*